

20 me 2020

Chè fanmi,

Pi bonè nan semèn sa a, nou te anonse plan nou pou aprantisaj pandan ete a, pou asire elèv nou yo ka kontinye angaje ak resevwa sipò akademik yo bezwen pou yo prè lè yo retounen lekòl an otòn. N ap ekri w jodi a avèk yon mizajou nan kalandriye ete a, apre kòmantè nou resevwa nan kominote DOE yo.

Pou elèv lekòl primè ak presegondè ke yo mande oswa rekòmande pou ale nan lekòl ete, pwogram lan pral kòmanse yon semèn pi bonè apati **Lendi 6 jiyè rive Madi 11 out**. Pa gen chanjman nan dire oswa estrikti pwogram lan.

Pou elèv lekòl segondè k ap ale lekòl an ete a, kou yo pral kòmanse yon semèn pi bonè epi y ap dewoule apati **Lendi 6 jiyè rive Vandredi 14 out**. Pa gen chanjman nan tan pwogram sa a ap dire ni nan estrikti li.

Pou elèv ki gen sèvis Plan Edikasyon Endividyèl (Individualized Education Plan, IEP)12 mwa, pa pral gen chanjman nan kalandriye a. Pwofesè nou yo ap kòmanse jou Mèkredi 1 Jiyè a epi yo atann pou elèv yo patisipe apati **Jedi 2 Jiyè rive Jedi 13 out**.

Chanjman sa yo pral ede akselere aprantisaj lan pou tout elèv. Lekòl ete ap kòmanse pi bonè—pi pre fen ane lekòl regilye a—ap pèmèt aprantisaj la kontinye pou elèv yo. Finisman pwogram yo pi bonè tou ap pèmèt ou gen plis tan repo pou fanmi w pandan mwa out la.

Nou apresye pasyans ak feksibilite ou toujou montre pandan nou ap adapte ak kriz sa a nan yon tan reyèl. Anyen pa pi enpòtan pase sante, sekirite, ak siksè akademik kontini pitit ou a, nou remèsye w pou kolaborasyon w nan gwo travay sa a kounye a pase toutan.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza  
Chanselye  
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk